# 2012 аб. соназда Сугъралъ росдал администрациялъ гъабураб хIалтIул хIакъалъулъ администрациялъул бетIер МухIамад ХIажигIумаровасул хIисаб кьеялъулаб доклад.

*ХIурматияб Сугралъ росдал жамагIат ва районалъул тIаде рачIарал гьалбал! Гьаниб жакъа дие бокьун буго, араб 2012 абилеб соналда росдал администрациялъ тIуразарурал хIалтIабазул хIакъалъулъ нужее къокъабго бицине.*

## Ракьул хIакъалъулъ суалал:

ХIисаб кьеялъулаб кIалъай байбихьизе бокьун буго ракьул хIакъалъулъ суалалдасан. Гьел суалал тIурай мурадалда ракьазул специалистлъун хIалтIуде къабул гьавуна Сагитов Чупалав.

Инвентаризация гьабуна приусадебниялгун садоводческиял участкабазул, «КIКIубер» кьурал дачниял участкабазул, гаражазул, хозпостройкабазул ва рукъзаб разелъун кьурал участкабазул. Гьанчче унеб буго цо-цо хозпостройкабазул бетIергьаби лъазариялъулаб хIалтIи.

ХIисабалде босун буго гьебго хIалтIи, ай инвентаризация, НакIазух росулъги 20I3-20I4 соназда тIобитIине.

## Налогал ракIари:

Налогал ракIариялъул иш роцIцIинабиялъул ва налогазулаб база электроннияб къагIидаялъ букIинаби мурадалда хIалтIуде къабул гьаюна Хачалова Аминат. Гьелъго тIубазабизе буго росдал хобалазде бачIунеб ва гьениб харж гьабураб гIарцул хIисаб-суал гьаби, вакцинация гьабураб, би бахараб, биркаби рараб росдал гIадамазул жалго бетIергьанаб боцIул хIисаб-суал гьабиялъулаб хIалтIиги.

## Росдал гIадамазул жалго бетIергьанаб боцIуда хурхарал суалал:

2010 соналдаса байбихьун росулъ гIуцIараб куцалда унеб буго бакIалъулаб самоуправлениялъул, ветеринариялъул, халкъалъул санитариябгун эпидемияб хIинкъи гьечIолъиялда ва биологиял хутIелал тIагIинариялда хурхарал федералиял законазулал тIалабал цIуни мурадалда тIобитIулеб хIалтIи.

ГъунИб районалъул ветстанциялъул хIалтIухъабазгун цадахъаб хIалтIул хIасилалда росулъ тIатичIо цохIониги бруцеллез ялъуни сибирскияб язва тIатиналъул хIужжа. Гьанже-гIагар росулъ байбихьана росдал гIадамазул

жалго бетIергьанаб боцIул би бахиялъулгун гьезда биркаби раялъулаб хIалтIудеги. Тадбиралъул мурад букIана росдал гIадамал бетIергьанаб боцIул мухIканаб хIисаб букIинаби, гьел рахунел унтабаздаса цIуни ва гьезда хадуб ветеринарияб халкквей цIикIкIинаби. Гьеб жавабияб тадбир тIобитIиялъе хIалтIухъабигун Сугъралъе вачIана районалъул ветстанциялъул заведующий МухIамад-Расул ХIалималов. Гьеб хIалтIул хIасилалда росдал цIцIикIкIарасеб къадар гIадамазул жалго бетIергьанаб боцIул биги бахъун биркаби лъеялъулаб хIалтIи рагIалде ккана. Рехсараб тадбиралъул хадусеб бутIалъун ккола росдал гIадамазул кулабахъ, НакIкIазух росулъ ва гъутада бугеб боцIул биги бахъун биркаби лъеялъулаб хIалтIи исана сонaлдаго рагIалде бахъинаби. Гьединго М.-Р. ХIалималовасул тIалабалдалъун Сугъралъ росулъ бихьизабураб заманалда ветхIалтIухъабазул дежурствоги чIезабун буго.

Росдал администрациялда ракIалда буго, 2015 соналъул болжалалде щвезегIан заманалда жаниб, боцIуда хассал «чипал» (гьитIинаб электроннияб алат) лъун лъугIизаризе. Гьеб хIалтIуеги хIадурлъи гьанжего гьабун буго.

Гьеб кинабго тIадехун рехсараб хIалтIуца рес кьезе буго киса- кибего росдал гIадамал бетIергьанаб боцIуда хадуб Кьварараб ветеринарияб халкквейги цIикIкIинабизеги, вакцинацияги гьабун рахъунел унтабаздаса боцIулул санитарияб цIуни букIинабизеги, росулъе тIаде бачIунеб ва тIаса унеб боцIул мухIканаб хIисаб-суал чIчIезабизеги ва, бищунго аслияб, - гьел тIолалго баяназул хъвай- хъвагIай хозтIехьал рукIинариялъе.

**ЖКХ-яла хурхарал суалал:**

Жакъа ЖКХялъул хIалтIухзъабазул къадар 5 чи вуго: Халикъов МухIамад – росулъа мусор къватIибе баччи. Росулъ чIезабун буго кьишни-къул баччизе хассаб машина. Щибаб гьатIан къоялъ, мухIканго бихьизабураб заманалда, иргадал ГIабдулхаликъил МухIамадица бачуне хасаб машина щола кьишни-къул босизе росдал ичIго авалалде.

Пластик бакIаризе росдал ункъо авалалда лъуна контейнерал. Босана пластик хъурулеб хасаб станок. Пластик хъурулеб цехалъе бихьизабуна хасаб рукъ ва гьабуна гьелъие ремонт, гьениб хасаб оборудованиеги лъун цех хIалтIизе биччана ва штаталде восана цехалда хIалтIизе чи. Гьеб иш тIубазабизе буго Амиров Амирица

Исана март моцIалъул байбихьуда росдал гимназиялда лъазабун букIана «БацIцIадаб росу» абураб хасаб тадбир-акция. Гьеб ишалъулъ бищун хIаракат бихьизабурал классазе рихьизаруна кьезе гIарцулал призалги. ГIицIго тIоцебесеб къоялда жаниб цIалдохъабаз бакIарана 325 килограмм, хадусеб лъабго къоялда жаниб абуни - бащдаб тоннаялде гIагарун къадар

пластмассаялъулгун пластикалъул тIагIел-алатазул. Гьеб ишалъулъ бищун хIаракат бихьизабунрал классазе кьуна гIарцулал призал, баркалаялъулал кагъталгун грамотаби.

ЦIалдохъабаз ва росдал гIадамаз пластмассаялъулгун пластикалъул тIагIел-алатал ракIари гьоркьоб тун гьечIо. Гьез бакIарараб пластикалъул тIагIел-алат цIадирабазги цIан къабулги гьабун, гьезие администрациялъул бетIерасул рахъалъан гIарац кьола. Гьеб тадбиралъул хIакъалъулъ хассаб передача бахъизе рачIун рукIана нилъер республикаялъул телевидениялъул хIатIухъабиги. Хадубккунги тIобитIизе росда сверухъ, нухал-къватIал, шагьранух ва тIолго хIухьбахъиялъулал авалал пластикалъулал тIагIел-алатаздаса рацIад гьабиялъулал хIалтIаби тIоритIизе руго. Масала, хIисабалда босун буго цIергун цIорол алатал ва макулатура батIа-батIаго бакIаризе. Гьеб хIалтIуеги хIадурлъи гьанжего гьабизе байбихьун буго.

Росдал къватIал ракIари ва пластик данде бакIаризе тун йиго хассай хIалтIухъан Гьеб иш тIубазабула Вагьабова БатIиматица. Лъелгун канализациязул иш тIубазабула кIиго хассав гьелъие тарав хIалтIухъан- Бахьулов ГIумарица ва канализация Уллаев Таймуразица.

Гьединго росдал памятникалда гъоркь бугеб авалалда ва Сагитов ПатахIил рукъалдасан гIодобе 20 метр лъел тоннель къачIана. Дамаданов Маликил рукъалдасан Тавакказул рукъалдехун щвезегIан 40метралъул канализация лъуна.

Социалиябгун эконикияб рахъалъ росу цебетIзаби мурадалда гIуцIараб хассаб фоналъул хIисабалдасан (ФСЭРС) 40 азарго гъуруш биччана «ЦIияб Сугъралъ» лълъел хIавуз-водосборник базе.

Ниж балагьун руго «Росдал меэр - Сугъралъ» ва «ГIорда - Сугъралъ» цIияб лълъел мухъ рагьиялъухъ.

## 2013соналъул масъалаби:

2013соналъул масъалабилъун ккола:

-росдада жаниб бугеб лълъел ва канализациябазул карта гIуцIи;

-канализациялде ва лъел мухъалдасан гIадамаз рогIрал рачиналъул ишалда хадуб халквей букIинаби;

-гьоркьоб къотIичIого гIадамазул рокъоб лъим чIезабиялда хадуб халкквей букIинаби;

-лълъел мухъ хIалтIизе биччаялъе ихтияр кьей тIалаб гьаби.

## НакІкІазухъ росулъ:

РакІалда буго басрияб водозаборник хисиялъул хІалтІи гьабизе. Гьеб мурадалда босизеги босун росулъе щвезабун буго 3 тонна лълъел жанибе унеб емкость-цистерна.

Сугъратлъ ва НакІазухъ росаби лъедалъун хьезабиялъул, гІадамазул рокъо-рокъобе лъим бачиналъул, гьеб мурадалда лъел нахърател букІинабиялъе резервуарал лъеялъе, гьекъолеб лъим бацІад гьабулел гІаммал ва хассал установкаби лъей мурадалда, ракІалда буго, хасаб хІалтІул планги хІадур гьабун, кІиябго росу «Дагъистан республикаялъул халкъ гьекъолеб лъедалъун хьезаби» абураб хассаб республикаялъулаб программаялде гъорлъе бачин мурадалда хІалтІи гьабизе.

Гьединго къваригІун буго халкъалдаса ва хассал гІадамаздаса, хассал ва гІаммал мурадазе лъим хІалтІизабуралъухъ гІадамаздаса гІарацги бакІарун, гьеб гІарац кидаго росулъ лъим букІинабиялъул ишалъе харж гьаби гІуцІизе.

## Электрикияб магІишат хурхарал суалал:

Электрикияб магІишат хурун гьабураб хІалтІул бицани

«Энергосбережение и повышение энергоэффективности учреждений и организаций поселения на 2011-2014 годы» абураб хасаб план- программаги хІадур гьабун, Сугъратлъ росулъ киса кирего къватІахъ лъуна ток цІуна-къах харж гьабулел чирахал (энергосберегающие лампы). ГІицІго гьеб хІалтІул хІасилалда 2012 соналда тІокІкІ гьабизе кІвана 100 азарго гъуруш.

Басриял счётчиказул бакІалда цІиял хисана. Штаталде (бащдаб ставка) восун хІалтІулев вуго гьелъие электрикияб магІишаталъул тІалаб-агъаз гьабизелъун тарав хассав хІалтІухъан Хваров Марат. ЧІезабун буго гьес гьабураб хІалтул хъвай-хъвагІай гьабулеб журнал. КъватІахъ рекІунел чирахазе лъуна цІияб щит.

Халги гьабун, тІубараб хІисаб-суал гьабуна росулъ жанир ва къватІирехун ругел токалъул хІубазул ва токалъул кваразул бугеб ахІвал-хІалалъул, гьезда ругел чирахъазул къадаралъул.

«ЦІияб Сугъралъ» лъезе босана токалъул цІияб разъединитель. Ругезде тІадеги росдал къватІахъ лъуна щуго чирахъ.

Росдал «Гъаладух» колода 300метралъул манзилалда токалъул мухъ цІана. Гьелъ рес кьуна росулъ квал-квал гьечІеб куцалда Интерneталъул хІалти букІинабиялъе.

ГьабсагІат осулъ унеб буго токалъул мухъалъе капремонт гьабиялъулъе хІадурлъиялъулаб хІалтІиги.

**Электикияб магIишаталда хурхун кIвар кьезе хIажатал суалал:**

КIвар кьезе рак1алда буго административиял минабахъгун къватIахъ лъурал чирахаз, насосалъулал станциязда ток цIуна-къан харж гьабиялда хадуб. Кьварараб халкквей букIинабизе буго трансформаторазда, электротокалъул мухъазда хадуб ва къватIахъ лъурал рухIарал чирахал жиндир заманалда цIияздалъун хисиналда хадуб.

Гьединго кIвар кьезе къваригIун буго Сугъралъ росулъ токалъул мухъалъегун хIубазе ва трансформаторазе капиталияб ремонт гьабиялдеги.

**Нухал гьари ва гьел къачIай:**

Нухал къачIаялъулал хIалтIаби гьариялъе, социалиябгун эконикияб рахъалъ росу цебетIезаби мурадалда гIуцIараб хассаб фоналъул хIисабалдасан (ФСЭРС) харжги чIезабун, штаталде восун хIалтIулев вуго хассав гьелъие тарав хIалтIухъан Вагьабов ХIаджимурад. Агрофирмаялъул, гьелъул председателасулгун бригадиразул ва предприниматель М. Сагитовасулгун тракторист М. АхIматIовасул кумекалдалъун лъикIаб хIалалда чIчIезарун руго росдал жанисел нухал. Росулъ КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматада бараб памятникалда аскIосан унеб нухлул 30 мералъул манзил гIатIид гьабун къачIан 3 метралъ гIатIидаб цIияб нух гьабуна. Гьелъ рес кьола МитIлиб авалалдехунги гьениса гъоркьехунги нухлул захIматаб сверел бигьа гьабун автотранспорт хьвадизе.

Росулъе унеб нухлул хIинкъи цIикIкIарал «Сох рагIаллалда» ва гьеб гIадинал цогидалги щуго нухлул сверелазда лъуна щуго сферическияб матIугун ункъо нухлул указателал.

Росдал «ИцгухIда» ва «Лъогоб» авалазда нухда гъоркь рана щулиял къеял. «Герегула» М. АхIматIовасул рукъалда аскIоб авалалда нухда гъоркь щулияб къе баялъулаб хIалтIи исана лъугIизе ккола.

Нухал къачIаялъулал хIалтIабазул хIажалъабазе гIисинал картIал рахъулеб тIагIел –перфоратор, механикияб энергия электрикияб энергиялде буссинабулеб алат-генератор,михир-каток, гъир-смола ва гь.г.ц. хIажатабщинаб бичун босана.

«ЦIияб Сугъралъ» цIияб кьо баялъулаб хIалтIи лъугIана. Гьединабго цIияб кьо базе хIисабалде босун буго централияб № 8 аб гъутадаги.

**Халкъалъе маданияб хъулухъ
букIинабиялда хурхарал суалал:**

Росдал тIолабго жамагIаталул гIахьаллъигун щибаб соналда Сугъралъ росулъ кIодо гьабула 9-аб маялъул, оц баялъул ва гь.ц. байрамал.

Ахирал соназда тартибада, гIемер халкъалъул гIахьаллъигун «ВатIан» комплексалда тIобитIула Надир-шагь щущахъ виххизави кIодо гьабигун «Цолъиялъул къоялъул» байрамал.

Байбихьи лъуна «Чай гьекъеялъул байрам» гьабиялъе.ЛъикIаб дандчIвайги гьоболлъиги гьабун нухда тIоритIула республикаялдасагун Россиялдаса рачIунел батIи-батIиял гьалбал.

**«ЦIияб Сугъралъ» бугеб клуб (СДК):**

Клубалъе (СДК) косметикияб ремонт гьабизе 10 азарго гъурущ гIарцул биччана.10 азарго гъурущ гIарцул биччана тIох къачIазе. Клубалъе ричун росана: калонка , усилитель, микрофон ва кIиго письменнияб стол.

**Хасалоде цIатари (цIул) хIадур гьаби:**

2012 аб соналда администрациялъ чIобого хасалоде цIатариялъе цIул хIадур гьабизе кумекги гьабун, гьелъул кIи-кIи тонна рокъо-рокъобе щвезабуна:

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи Саидов ГIабдулагьиегун Мусаев ГIабдулагьие, КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хъизан ЦIихIилова Патиматие, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиясул хъизан ГIбдулаева (Жонохан) Хадижатие, гIемер лъимала ругел хъизанал: Сагитов ШапигIие, ГIрчамова Рукиятие, АхIмадова ПатIинае ва ункъо тонна хIадур гьабураб цIулал чIобого росулъ бугеб «Милъирщо» («Ласточка») ясли- ахалъе кьуна.

Гьеле, къокъго бицани, Сугъралъ росдал администрациялъ 2012 аб. соналда тIуразарурал хIалтIабазул сияхI.

**Районалъул хIакимзаби рахъалъан квербакъи**
**ва кумек хIажатал суалал:**

Гьанир районалъул хIакимзаби рукIиналдаса пайдаги босун, бокьун буго гьезул рахъалъан хадур рехсарал хIалтIаби гьариялъулъ квербакъи ва кумек гьаризе:

1. Хасел тIаде щвелалде райэлектросеталъул хIалтIухъабаз токалъул трансформаторазул профилактикияб хал-щал гьаби букIинабизе (нижер росулъ гьезул къадар 5 –ялде бахъуна ва цо токалъул

трансформатор буго НакIкIазухъ росульги, гьединго жеги 11 трансформатор буго росдал ракьалда райэлектросеталъул балансалда гьечIел). Бегьуларищ гьел райэлектросеталъул балансалде росизе?

2. -КъваригIун буго «Росдал меэр - Сугъралъ» ва «ГIорда - Сугъралъ» цIияб кIиябго лълъел мухъ рагьун хIалтIизабизе кьей хехлъизабиялде кIвар кьезе. Гьеб къабул гьабизе I5 чиясдасан гIуцIараб хассаб комиссияги гIуцIун хIадурго буго.
3. КIвар буссинабизе чара гьечIеблъун ккун буго моцIида жаниб кIиго нухалъ гъулбас гьабизе гIоло Гъунире - нахъе хьвадизе хIажаталлъун колел хIалтIи гьечIел гIзадамазул суалги. МагIна бугищ 800 гъурущ гIарцул щвезе гIоло I000 гъурушги кьун гьел гIадамал моцIида жаниб кIиго нух гъулбас гьабизе гIоло Гъунибе-нахъе базе тIамияиялъул?
4. Кумек хIажат буго нижее Сугъралъ росулъ цIияб клуб (СДК) бай пачалихъияб прграммаялде гьоркьобе бачиялъул хIалтIульги.
5. Чара гьечIого кIвар кьезе хIажатаб суаллъун хутIун буго росдал гIадамазе хасало бухIизе цIатари чIезабиги.
6. Гьединго райадминистрациялъул рахъалъ квербакъи ва кумек хIажат буго ниже нижер росулъ кьишни-къул базе хассаб бакI чIезабиялъульги (переработка и утилизация) ва гIарцулаб кумек къваригIун буго Сугъралъ росулъ скотомогильник баялъеги.

*ХIурматияб Сугъралъ росдал жамагIат ва районалъул тIаде рачIарал гьалбалгун администрациялъул хIалтIухъаби!*

*Дица гьалдалъун дирго кIалъай лъугIизе толеб буго. Нужор дие суалал ратании, дун хIадур вуго гьезие жаваб кьезе.*